

Tranzisyon EarlyLearn soti nan ACS pou ale nan DOE: Gadri fanmi

Vizyon nou: Pou rekonèt gwo kontribisyon gadri fanmi, DOE wè founisè gadri fanmi yo kòm pwofesyonèl respekte ki gen valè pandan peryòd debitan an ak sistèm edikasyon Vil Nouyòk la. DOE vle sipòte ak ranfòse pwèn fò gadri fanmi ki deja egziste a kòm pwogram depi nesans jiska katran ki ankouraje rapò san rete aepi ki bay repons, ranfòse kapasite aprantisaj debitan, bati andirans ak mete baz pou tout fiti aprantisaj.

Kisa Tranzisyon EarlyLearn soti nan ACS pou ale nan DOE ye?

- Kounye a se DOE ki pral dirije pwogram EarlyLearn k ap sèvi timoun depi yo fèt jiska laj 5 lane pou kreye yon sistèm swen debitan ak edikasyon pi solid nan Vil Nouyok
- Tranzisyon sa a gen ladan pwogram ki nan sant EarlyLearn yo ak nan Rezo gadri fanmi (Family Child Care Networks) ak founisè ki afilye avèk yo. DOE ap kenbe estrikti Family Child Care Network la
- Tout kontrat EarlyLearn yo pwograme pou transfere nan DOE an jiyè 2019. Dire manda yo ap rete menm epi yo ap ekspire 30 jen 2019.

Kisa k ap pase aprè 2019?

- DOE ap fè kontra pou sèvis depi nesans jiska laj 5 lane (birth-to-five service) k ap kòmanse an jiyè oswa an septan 2020 atravè twa demand separe pou Pwopozisyon (Requests for Proposals, RFPs):
 - RFP Sèvis depi nesans jiska laj 5 lane: Jounen/Ane lekòl ak Ane/ jounen lekòl ki pi long (pwogram ki nan sant ak nan Gadri fanmi pou gwoup (Group Family Day Cares, GFDC);
 - RFP Sèvis Head Start/Early Head Start (pwogram ki nan sant yo); ak
 - Family Child Care Networks RFP (Rezo ki afilye avèk Group Family Day Care ak founisè gadri fanmi).
- RFP sèvis depi nesans jiska laj 5 lane ak RFP sèvis Head Start/Early Head Start yo te pibliye an mas 2019 epi ke ou ka jwenn sou entènèt atravè HHS Accelerator. DOE konte pibliye RFP Family Child Care Networks RFP la pandan prentan 2019.

Kiyès ki aplike pou RFP nan Family Child Care Networks?

- Founisè gadri pou fanmi ki asosye avèk yon **rezo pa** bezwen aplike nan RFP.
- **Rezo** gadri fanmi an ap bezwen aplike pou RFP nan Family Child Care Networks pou yo ka kontinye gen kontra avèk Vil la pou sèvis sa yo:
 - 3-K pou tout moun (3-K for All)
 - Plas gadri (jounen/ane ki pi long) pou sèvi tibebe, tibebe ki gen ant 1 ak 2 lane ak 3 lane
- Founisè FCC yo ta dwe pale avèk rezo yo pou fè sèvis yo konnen yo aplike pou yo.

Ki krite ki genyen pou 3-K founisè gadri fanmi yo?

- Ou dwe afilye avèk yon rezo FCC.
- Swa founisè ki sou plas la jan yo idantifye l sou lisans/enskrripsyon ak/oswa asistan an dwe gen yon sètifika Asosye nan Devlopman Timoun (Child Development Associate, CDA) oswa yon sètifika ki pi wo.

Si m se yon founisè gadri fanmi pou gwoup (group family day care, GFDC), ki opsyon mwen genyen?

- GFDC yo ka chwazi pou yo afilye avèk yon rezo oswa yo ka aplike pou yon kontra dirèk avèk DOE.
- Si w vle **afilye avèk yon rezo**:
 - Ou pa bezwen voye yon pwopozisyon ba yon RFP.
 - Ou ka sèvi laj ki miks (tibebe, laj 1 a 2 lane ak timoun laj 3 lane).
 - Ou ka bay sèvis sa yo:
 - 3-K for All (yo egzije sètifika CDA)
 - Sèvis gadri (jounen/ane ki pi long) pou tibebe, tibebe ki gen ant 1 ak 2 lane ak 3 lane
 - Ou pa bezwen gen yon pwofesè sètifye



- Si w vle aplike pou yon **kontra dirèk avèk DOE**:
 - Ou bezwen voye yon pwopozisyon ba Birth-to-Five Services RFP an jen 2019 pou pi ta (Gade resous yo pi ba a).
 - Ou ka sèlman sèvi yon gwoup laj senp: Timoun laj 3 lane oswa 4 lane
 - Ou ka bay sèvis sa yo:
 - Sèvis jounen lekòk ak sèvis ane pou timoun ki gen laj 3 oswa 4 lane
 - Sèvis jounen ki pi long ak sèvis ane pou timoun ki gen laj 3 oswa 4 lane
 - Ou oblije gen yon pwofesè ki sètifye.
 - Yo konsidere w kòm yon pwogram ki nan yon sant epi ou dwe satisfè kondisyon ki dekri nan manyèl regleman (Policy Handbook) pou sèvis 3-K for All ak Pre-K for All .



E si mwen afilye avèk yon rezo epi yo pa bay rezo sa a yon kontra DOE oswa yo pa ba li tip sèvis mwen vle ofri a?

- Ou ka kontakte yon lòt rezo ki gen kontra pou sèvis ou vle ofri a epi chèche afilye avèk rezo sa a.
- Ekip sipò gadri fanmi DOE a ka ede w konekte avèk lòt rezo.

Kisa mwen ta dwe fè si yon òganizasyon mande m pou m peye pou m afilye avèk rezo l oswa pou m voye yon pwopozisyon RFP pou mwen?

- Rezo yo pa ta dwe mande w peye pou w ka afilye avèk yo.
- Òganizasyon yo pa ka garanti w plas si w peye lajan.
- Kontakte ekip sipò gadri fanmi DOE a pou konprann opsyon yo.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou RFP yo?

- Ale sou schools.nyc.gov/provideearlychildhood pou jwenn resous enpòtan pou aplike nan RFP ki ouvri. Si w gen kesyon voye yon imèl nan ESenrollment@schools.nyc.gov. PreKRFP@schools.nyc.gov
- Ou dwe voye tout aplikasyon sou entènèt nan HHS Accelerator. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou kòman pou ale nan HHS nan schools.nyc.gov/provideearlychildhood.

Ki sipò DOE pral ofri?

Pwogram FCC yo pral resevwa sipò nan men rezo FCC yo ak nan men estaf DOE a pou avanse: (1) Rapò ki bay repons ak eksperyans ki pozitif pou timoun; (2) kourikoulòm ki baze sou jwèt ak dekouvèt nan yon anviwònman ki gen timoun ki gen laj mik; (3) Faktè ki bay pwoteksyon nan ane debitan yo pou ranfòse pèseverans

Rezo yo pral resevwa:

- Vizit pou sipò sou plas ak sesyon aprantisaj pwofesyonèl anpèsòn pou lidè rezo yo, estaf ak founisè yo
- Resous pedagojik entèdisiplinè ak sipò pou angajman fanmi
- Sipò adminsitratif

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte ekip sipò gadri fanmi DOE a fccsupportteam@schools.nyc.gov.

